

## FOWÒM SITWAYEN POU REFÒM LAJISTIS

### Ki refòm jistis penal nou vle ?

Plizyè òganizasyon nan prèske tout depatman yo te reponn prezan nan yon chita pale sou refòm jistis penal an Ayiti. Deba a te santre sou fason pou **pwoteje diyite moun genyen** nan pwosè penal la an Ayiti.

Yo te defini nan ki fason yo konprann diyite moun genyen. Yo mete aksan sou diyite moun genyen ak sou divès andikap ki genyen nan sistèm nan. Yo te fè divès pwopozisyon tou, ki pèmèt nou konmanse wè ki kalite jistis nou vle.

### Ki sa diyite moun ye

Men ki jan patisipan yo te reflechi sou sa yo rele diyite moun. Diyite moun, ou pa achte l, ni vann, ni negosye. Diyite se pa you fave moun fe moun. Diyite pa depann de fos, pouvwa, entelijans ak riches yon moun genyen. Depi yon moun fet nan van manman l, li abiye ak yon diyite chak moun genyen. Se li k fè yon moun moun tout bon. Diyite moun nan parèt aklè nan kapasite moun genyen pou kalkile, pou aji ak libète e responsablite. Men, diyite pa depann de degre konesans ou entelijans yon moun genyen, paske diyite a se mak fabrik moun nan menm li ye.

Gwo valè ak diyite sila a yon moun genyen paske li se moun pandan tout tan epi tout kote, se li k fondman dwa moun genyen. Men, se li k fondman devwa l tou, paske pa genyen dwa si pa gen devwa. Epitou, diyite nou kòm moun mande n aji ak konsyans e responsablite.

Diyite moun se **sous** yon paket dwa yon moun genyen nan tout sikonstans. Yo pa ka retire l sou li, soti nan inosans li rive nan kondanasyon l, si li ta rive vyole yon règleman lalwa. Diyite moun genyen, se li k sous tout dwa ak privilèj sa yo tout moun dwe respekte lakay lòt.

Men ki konsekans sa genyen nan zafè jistis la. Chak moun gen dwa pou pale ak yon avoka li chwazi, dwa pou pase devan jij natirèl la jan lalwa fikse, dwa pou yo pa touche kò ak lespri yon moun.



Ak gwo konviksyon sa yo nan tèt nou, Fowòm nan te gade ki jan sistèm jistis penal la mache nan peyi a.

## **Ki jistis nou genyen ?**

Rezilta atelye yo ak Fowòm mwa jen an fè n wè sistèm jistis penal nan peyi a soufri twa andikap majè:

- 1. Li mete moun, sitou pòv yo, sou kote.**
- 2. Li pèdi tèt li nan fè laviwonn dede ak dilatwa.**
- 3. Li abitè, li chita sou gwo ponyèt.**

### **Ann gade chak nan pwèn sa yo: 1. *Li mete moun, sitou pòv yo, sou kote***

- Anpil fwa, yo pa konnen ki moun pou yo adrese nan tèl ou tèl ka. Ni moun ki antò ni sa k gen rezon konn gen pwoblèm sa a.
- Akòz anpil moun pa konn li ak ekri, pi fò moun pa konn lwa yo, yo pa konprann fason lajistis la mache, ki jan yon pwosè dewoule, sa lakòz anpil moun pa fè lajistis konfyans.
- Yo konn manke mwayen pou yo pran yon avoka.
- Lwa yo pa pibliye an kreyòl. Se pa tout moun ki konprann yo, paske pi fò moun nan peyi a pale kreyòl, yo pa pale franse.
- Manke tribinal plizyè kote, tankou manke yon dezyèm tribinal sivil nan zòn Fawès. Pa genyen you kou dapèl nan Nòdwès.

### **2. Li pèdi tèt li nan fè laviwonn dede ak dilatwa**

- Jij yo konn bay rapò lapolis plis enpòtans pase pawòl moun yo akize a oswa moun yo voye devan yo.
- Jan sistèm nan mache, li plis montre li vle pini moun nan pase rezoud yon konfli e pemèt yon moun tounen nan sosyete a.



- Gen nan lwa yo ki dezakò nèt ak reyalite moun yo ap viv. Anpil ladan yo depase.
- Manke materyel ki nesese pou fè travay la, tankou mwayen tranpò, òdinatè, faks.
- Yon moun konn mande konkou lapolis nan komisarya polis oswa lè l rele 114, yo di yo pa gen mwayen pou yo deplase, oswa yo ba l vag.
- Gen twòp enkonpetans ak feblès kay jij yo.
- Gen jij ki mal kalifye infraksyon yo, sa konn kreye prejidi kay preveni yo.

### ***3. Li abitrè, li chita sou gwo ponyèt.***

- Nan anpil sikonstans, lapolis pa respekte dwa moun yo.
- Yo konn maspinen moun lè y ap arete l. Yo konn arete moun san manda.
- Yo pa pran ka moun lè y al pote plent.
- Pafwa yo pa ekzekite manda jij yo.
- Yon moun konn pase plis pase 48 è nan gadavi avan yo parèt devan yon jij.
- Gen anpil koripsyon nan tribinal depè, pakè, tribinal sivil.
- Genyen anpil imoralite ak patipri sou baz lajan, zanmitay ak politik.
- Yo konn vann lajistis kòm ti mamit diri bay sa k ofri plis kòb. Yo konn rankontre l, epi yo mande pou negosye.
- Gouvènman an sèvi ak delege depatman an ak palmantè yo pou fè presyon sou komisè e pou kwense jij yo.
- Yo konn bloke desizyon jij yo pran yo kèk fwa.
- Jij yo trè fèb devan otorite egzekitif yo, paske se yo k nonmen e revoke yo.



- Yo konn fè presyon sou jij yo.
- Jistis la pa ka mache paske jistis la pa granmoun tèt li, lè yon desizyon jistis sòti epi komisè gouvènman an pa bay avi li, desizyon an pa ka egzekite.

## KI JISTIS NOU VLE ?

Anfas yon jistis konsa, patisipan yo fè yon seri pwopozisyon ki montre ki kalite jistis yo mande, ak ki vizyon sou refòm jistis la yo genyen.

### Patisipan yo vle yon jistis :

- *Ki ouvè pòt jistis la pou tout moun:*
  - *Li resevwa tout moun*
  - *Li pre sitwayen yo*
  - *Li klè pou tout moun.*
- *Ki rezoud konfli yo san l pa chita fè laviwonn dede*
  - *Li chèche pi bon chimen pou genyen jistis*
  - *Aktè yo gen konpetans*
  - *Aktè yo gen konsyans*
  - *Li gen mwayen.*
- *Ki pwoteje moun ak diyite yo*
  - *Li respekte moun*
  - *Li san paspouki*
  - *Li endepandan.*

Ann gade ki jan pwopozisyon yo apiye chak nan pwen sa yo:

### 1. *Yon jistis ki ouvè pòt jistis la pou tout moun*

- *Li resevwa tout moun pou reyalize dwa yo*



- Yo dwe òganize eta sivil la kòm sa dwa (tout dokiman nou bezwen kòm sitwayen).
  - Leta dwe òganize asistans jiridik pou tout moun.
- ***Li pre sitwayen yo***
    - Dwe gen plis tribinal selon jan popilasyon an tabli sou tout teritwa peyi a.
    - Fòk genyen tribinal nan tout rakwen nan peyi a.
    - Fòk gen lapolis nan seksyon kominal yo tou.
    - Fòk genyen komisarya polis toupatou.
    - Jistis la dwe konsidere fason moun yo abitye rezoud konfli yo antre yo.
    - Ofis pwoteksyon sitwayen fèt pou nan tout peyi a.
    - Fòk gen medsen lejis nan tout peyi a.
- ***Li klè pou tout moun***
    - Fòk **lwa yo** ekri an kreyòl tou
    - Fòk **jjjman yo** sòti an kreyòl tou.
    - Lè yo ap fè yon enstriksyon, fòk yo transkri egzakteman sa moun nan di, e yo dwe ekri l nan lang li di l la. Lè tradiksyon dwe fèt, yo dwe kòrèk.
    - Fòk **avoka yo** konn ekri kreyòl ak pale lè y ap defann kliyan.
    - Fòk yo fè yon chita pale ak popilasyon an sou lwa ki merite chanje yo.
    - Fòk yo gaye tout koze sou dwa, espesyalman sou dwa penal pou pèmèt tout moun konprann sistèm jistis penal lan
    - Fòk dwa a antre nan pwogram lekòl yo espesyalman nan klas reto ak filo
    - Fòk genyen yon kanpay sansibilisation ak edikasyon sivik nan lekòl yo, nan legliz yo, nan asosyasyon baz yo ak nan tout institisyon ki tabli nan peyi a
    - Fòk **tout moun** aprann li ak ekri kreyòl.



**2. Yon jistis ki rezoud konfli yo san l pa chita fè laviwonn dede, ki antre nan nannan koze a**

• ***Li chèche pi bon chimen pou reyalize jistis***

- Fòk li tande ni viktim ni defans kòm sa dwa.
- Fòk li distenge ant gwo krim ak ti enfraksyon.
- Fòk pinisyon yo bay yon moun yo kondane, genyen rapò ak zak yo repwoche l la
- Fòk yo ankouraje tout mwayen pou jere san vyolans konfli ki gen nan sosyete

• ***Aktè yo gen konpetans***

- Fòk jij yo jwenn fòmasyon kontini.
- Fòk polis yo pran fòmasyon sou dwa ak devwa yo tou.
- Fòk gen moun ki konpetan anndan palman an.
- Fòk gen yon separasyon nan lapolis k ap fè diferan sèvis yo polis fiskal, polis jidisyè, polis adminitratif.
- Se pou chak aktè yo respekte wòl ak limit yo
- Fòk desizyon k ap pran yo pa sou fòm diktati ak san patipri pou evite twòp enkonpetans

• ***Aktè yo gen konsyans***

- Fòk **jij yo** fòme nan nivo konsyans ak etik pwofesyonèl yo tou.
- Fòk yo ta fè edikasyon sivik **pèp la**. Fòk nou rive konnen ak fè tout moun konnen dwa ak devwa yo.
- Fòk genyen bonjan sansibilizasyon sou dwa moun nan radyo, nan legliz, nan lekòl, elatriye.

• ***Gen mwayen ki disponib***

- Fòk yo bay jistis la sa ki nesese selon lalwa.



- Fòk jij depè yo ak komisè yo ta kapab genyen mwayen pou yo kab egzèse otorite yo sou polisye ki ta refize obeyi ak lòd yo ba yo ak lè yo viyole li
- Fòk gen plis polis sou zòd lajistis
- Fòk yo bay jistis la mwayen ki koresponn ak zòn kote li ye a
- Fòk yo chanje lwa ki pa reponnsiyè ak reyalyte sosyal peyi a ankò

### **3. Yon jistis ki pwoteje e garanti dwa moun ak diyite yo san paspouki, ki endepandan, ki trete moun ak respè epi ki endepandan**

- ***Li respekte moun***

- Kore prensip *habeas corpus* (respè pou kò moun)
- Fòk yo aplike epi kore tout lwa ki pwoteje fanm ak mine nan zafè jistis penal
- Fòk majistra yo ka voye je sou administrasyon prizon yo
- Dwe genyen plis respè pou diyite moun nan prizon, nan tribinal ak nan gadavi
- Fòk yo separe moun ki kondane ak sa k pa kondane yo andedan prizon
- Dwe gen sant pou akeyi delenkan ki minè, ki pokò gen laj granmoun
- Fòk yo prevwa domaj ak reparasyon lè yo kenbe moun san pa gen rezon pou sa
- Fòk prizonye yo ka jwi dwa yo pou resevwa pitit yo ak tout lòt paran ak zanmi yo
- Fòk prizonye yo jwi dwa yo pou aprann yon metye ki ka pèmèt yo re-entegre nan sosyete a lè yo fin lage. Mete kanpe yon pwogram edikasyon ki pemet prizonye yo kapab retounen nan sosyete a
- Fòk kondisyon yo nan prizon korèk sou zafè diyite moun e fòk yo gen bon jan prèv pou sa
- Oganizyon k ap defann dwa moun dwe voye je sou ki jan yo trete moun le yo nan prizon



- Yo dwe fòmè monite ki pou vizite prizon ak komisarya yo, epitou fè rapò sou ki jan fonksyonman sistèm prizon yo ye parapò a yon seri atent ak diyite moun
- ***Li san paspouki***
  - Fòk yo aplike lalwa sou tout moun nmenm jan san fòs kote
  - Fòk lapolis jwenn pinisyon lè yo pase lalwa anba pye
  - Fòk yo pran sanksyon kont tout fòm jistis ki kondane moun san yo pa respekte pwosedi nòmral lalwa tabli, sa yo rele jistis popilè ak ekspeditiv
  - Fòk yo pwoteje polisye yo kont abi nan yierachi polis la, fòk li ta dwe genyen yon vwa rekou kont desizyon chèf li.
  - Fòk fonksyone andedan pouvwa sa a pa chwazi sou baz zanmitay.
  - Fòk gen lwa ki sòti nan palman an pou konbat manti ak koripsyon andedan enstitisyon yo.
- ***Li endepandan***
  - Fòk pouvwa jidisyè a tounen yon pouvwa tout bon vre, nan retire li anba kontwòl pouvwa egzekutif ak pouvwa lejislatif la
  - Fòk yo nonmen jij yo daprè sa konstitisyon an di a
  - Fòk yo chanje kèk pati nan konstitisyon an pou pèmèt lajistis sòti anba pouvwa politik yo epi pou ou ka genyen yon leta ki chita tout bon sou endepandans pouvwa yo
  - Fòk yo amande atik 149 nan konstitition ki di lè gen vakans prezidansyèl se prezidan gran tribinal kasasyon ki pou ranplase li.
  - Fòk yo tabli lòt kondisyon pou nonmen jij yo
  - Fòk yo mete konsèy siperyè majistrati kanpe epi fè lwa sou estati l. Dwe genyen ladan l reprezantan leta, reprezan dwa moun ak sosyete sivil la, pou garanti respè lwa yo, pou sanksyone otorite ki vyole lwa, e pou travay sou diferan projè lwa.
  - Fòk genyen yon lwa ki tabli karyè jij yo ak yon kòd etik Konsèy Sipryè Majistra yo a fè aplike
  - Fòk majistra yo granmoun tèt yo nan fason yo òganizé ak nan finans yo bezwen pou sa



- Fòk yo reòganize ministè lajistis ak wòl li nan sistèm jistis la
- Fòk genyen yon lwa ki regle lekòl pou fòmè jij yo
- Fòk lapolis vin sou zòd lajistis la vre
- Fòk jij depè yo ak komisè yo gen mwayen pou yo ekzèse otorite yo lè yon polisye refize obeyi zòd yo bay yo ou swa lè yo vyole zòd yo
- APENA pa dwe bloke desizyon lajistis.
- Fòk yo fòmè OP yo tou, pou yo konprann wòl yo anfas lejislatif la paske jistis la dwe yon pouvwa endepandan parapò a kèlkeswa fòs la

